

Chè Rezidan Lawrence :

Si w anreta ak peman lwaye yo oswa si yo pral mete w deyò nan kay la, itilize flyèz sa a pou pwoteje tèt ou epi pou jwenn èd ke w bezwen an.

Kisa m ka fè si m anreta ak peman lwaye mwen ?

Pa kite kay la ! Ou gen dwa pou w kontinye rete lakay ou epi mande yon èd pou peye lwaye w. Gen plizyè pwogram diferan ki ede moun peye kòb lwaye oswa ipotèk epi ki ede tou ak pèman sèvis minisipal yo ak depans demenajman yo.

- Lokatè ki elijib yo kapab jwenn jiska 15 mwa èd lwaye ak yon nouvo pwogram federal ki rele ERAP (Èd ijans ak lwaye). Lokatè yo kapab itilize èd la pou peye jiska 12 mwa kòb lwaye ki anreta epi jiska 3 mwa kòb lwaye fiti nan yon sèl moman.
- Lokatè ak mèt kay ki elijib yo kapab resevwa jiska \$10,000 tou pou peye kòb ipotèk ki anreta oswa pou fè peman ipotèk fiti yo ak pwogram RAFT (Èd rezidansyèl pou fanmi an tranzisyon) epi ak pwogram ERMA (Èd ijans ak lwaye oswa ipotèk).

Pou fè yon demann pou youn nan pwogram sa yo, rele nan 800-224-5124 oubyen konsilte cognitofirms.com/CommunityTeamwork1/RAFTERMAApplicationCTI

Kisa m ka fè si mèt kay la ban m yon “Avi pou Kite” nan kad yon degèpisman ?

Yon Avi pou Kite deklare ke w dwe kite apatman w lan anvan yon dat byen detèminen. Ou pa oblije kite kay la anvan oswa nan dat ki endike sou avi a. Apre dat ki ekri sou Avi a pase, si mèt kay ou a vle mete w deyò, yo dwe ale nan tribinal avè w. Li ilegal pou yon mèt kay mete w deyò san ke l pa ale nan tribinal avè w.

Kisa m ka fè si yo monte kòb lwaye a sou mwen ?

Si w ap viv nan yon kay prive ki pa sibvansyone, mèt kay ou kapab fikse kòb kay la nan nenpòt montan li vle. Si yo ba w yon avi ki di kòb lwaye a pral monte, eseye negosye yon ogmantasyon ki pa kreye twòp difikilte pou w. Ou kapab mete tèt ou ansanm ak lòt lokatè pou n ka negosye ansanm. Si w gen yon kontra afèmaj, yon pwopriyete pa gen dwa monte kòb lwaye a pandan kontra afèmaj ou a anvigè.

Èske mèt kay mwen te voye bon fòmilè a ban mwen ansanm ak « Avi pou Kite » a?

Si mèt kay ou ap mete w deyò poutèt ou pa t peye kòb lwaye a, yo dwe voye yon fòmilè espesyal ba w ansanm ak Avi pou Kite a. Fòmilè sa a esplike w ki èd ou kapab benefisye pou anpeche yon degèpisman. Si mèt kay ou pa t voye fòmilè sa a ba w, yo pa gen dwa depoze yon pwosè degèpisman kont ou. Pale ak yon avoka. Gen enfòmasyon kontak sou do flyèz sa a ki ka ede w jwenn èd legal gratis.

Èske gen yon moratwa nasyonal ki pwoteje m kont yon degèpisman ?

Yon moratwa nasyonal kont degèpisman anpeche mèt kay yo pou yo pa mete kèk lokatè ki pa ka rive peye lwaye a deyò. Sete Center for Disease Control (CDC) ki te deklare moratwa sa a. Si w voye yon Lèt Deklarasyon CDC bay mèt kay ou, li pa gen dwa mete w deyò jiska 30 jen 2021. Gade pou wè si w pwoteje anba moratwa sa a epi itilize fòmilè sa a pou voye yon Lèt Deklarasyon CDC bay mèt kay ou : apps.suffolktriblab.org/run/cdc_moratorium/#/1

Kisa m ka fè si m resevwa yon « Asinyasyon ak Plent » pou vin nan tribinal pou yon degèpisman ?

Pa kite kay la ! Kontakte yon avoka pou w jwenn èd. Ou gen dwa legal. Nan menm moman w jwenn Asinyasyon ak Plent lan, ranpli yon fòmilè Repons ak yon fòmilè Dekouvèt.

- Yon fòmilè Repons ba w chans pou w esplike istwa a selon ou menm.
- Yon fòmilè repons bay jiri a yon okazyon pou yo tande istwa a selon ou menm.
- Yon fòmilè Dekouvèt pèmèt ou jwenn enfòmasyon pou w ka pwouve istwa w la vre.

Itilize zouti sa a ki fasil epi ki anliy pou w ka ranpli ak depoze fòmilè Repons ak Dekouvèt ou yo. Li gratis ! Ou ka fè l sou telefòn ou nan www.gbls.org/MADE.

Èske yon mèt kay ka mete m deyò si m te mande yon èd ak lwaye a ?

Si y ap fè yon degèpisman kont ou paske w pa t peye kòb lwaye a, epi w fè yon demann pou w jwenn nenpòt kalite èd lwaye, tribinal la dwe kanpe pwosè degèpisman an jiskaske ajans èd lwaye a apwouve oswa refize demann ou a. Pòz sa a yo pran nan pwosè w la rele yon « kontinite. »

Kisa m dwe fè si m nan yon Tribinal Distri ?

If your case is in District Court, you can transfer your case to Housing Court where you can get more help with your case. Use the Transfer form: masslegalhelp.org/housing/lt1-booklet-5-transfer.pdf

Kisa m dwe fè si m nan yon Tribinal Lòjman ?

Si w nan yon Tribinal Lòjman, mande tribinal la pou l mete w an kontak ak yon avoka nan Pwogram Avoka pou Jounen an (Lawyer for the Day). Si w elijib pou w jwenn èd gratis, yon avoka ka reprezante w nan yon medyasyon nan tribinal la.

Kisa m ka fè si y ap ban m presyon pou m siyen yon akò ?

Si mèt kay ou pwopoze w pou w siyen yon akò andeyò tribinal la oswa si w nan yon pwosedi medyasyon nan tribinal la, chèche yon èd legal. Pran yon konsèy jiridik anvan ou siyen nenpòt akò avèk mèt kay ou oswa avoka li a. Avoka yon pwopriyete reprezante mèt kay la, pa ou menm. Ou pa oblije siyen anyen.

Kisa m ka fè si mèt kay mwen pa mennen m nan tribinal men l ap eseye fè m kite kay la nan yon lòt fason ?

Sa ilegal. Ou kapab mande yon jij pou l egzije mèt kay ou pou l sispann fè zak ki ilegal – tankou fèmen ou deyò nan kay la, koupe sèvis minisipal yo, oswa refize fè reparasyon nan kay la. Pou fè sa, ou kapab depoze yon Entèdiksyon egzekisyon pwovizwa (Temporary Restraining Order, TRO). Ale sou sit [CourtFormsOnline](https://CourtFormsOnline.massaccess.suffolkclitlab.org) nan massaccess.suffolkclitlab.org pou depoze yon fòmilè TRO. Rele yon sèvis èd legal pou w jwenn èd. Ou kapab depoze yon plent kont mèt kay ou nan Biwo Pwokirè Jeneral la tou si w rele nan (617) 727-8400.

Mande Èd

Northeast Legal Aid

Yo ofri èd legal gratis si w kalifye epi yo disponib nan Pwogram Avoka pou yon Jou (Lawyer for the Day) nan Tribinal Lòjman Northeast la
Telefòn : (800) 336-2262 or 978-458-1465
Kite non w, adrès ou ak yon fason pou kontakte w
Imèl : LawyerForDay@nla-ma.org.
Fè yon demann anliy : NortheastLegalAid.org/get-legal-help

Lawrence Community Works

Yo ofri yon Sant Estabilizasyon Lòjman pou ede w si w ap lite kont yon degèpisman
Telefòn : (978) 685-3115
Imèl : info@lawrencecommunityworks.org

ACT Lawrence

Yo ofri konsèy gratis sou domèn finans ak lòjman
Telefòn : (978) 685-6274
Imèl : reception@actlawrence.org
Fè yon demann anliy : Itilize fòmilè ki rele Contact Us (kontakte nou) ki anba paj ActLawrence.org

Community Teamwork, Inc.

Yo bay èd lwaye pou w ka peye kòb lwaye ki pase deja ak lwaye fiti tou
Telefòn : (978) 459-0551, (800) 698-0551,
Imèl : CovidResponseCTI@commteam.org
Lanse yon demann anliy sou : cognitofrms.com/CommunityTeamwork1/RAFTERMApplicationCTI

Greater Lawrence Community Action Council

Yo jere Pwogram èd ijans ak lwaye nan vil Lawrence la
Telefòn : (978) 620-4993
Imèl : esgcovid@glcac.org
Jwenn yon fòmilè demann sou sit wèb yo a : glcac.org/departments/Housing-Assistance.html

Catholic Charities

Yo bay èd ak kòb lwaye, sèvis minisipal oswa lòt depans
Telefòn : (781) 593-2312